



Pou Piblikasyon Imedya: 27/03/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ACHÈVMAN  
PREMYE LOPITAL TANPORÈ 1,000 KABANN NAN JACOB K. JAVITS  
CONVENTION CENTER**

*Gouvènè a anonse seleksyon sit anplis pou lopital tanporè yo, anplis de kat lòt sit ki an konstriksyon; Mande Prezidan Trump pou apwouve sit yo imedyatman pou konstriksyon yo ka kòmanse*

*Pwolonje fèmte lekòl yo nan tout eta a pou de semèn anplis jiska 15 avril*

*Konsomatè yo gen pwoblèm finansye piske COVID-19 la ka lakòz ranvwa peman prim asirans vi yo pou 90 jou*

*Konsomatè yo ak ti biznis yo ka ranvwaye peman prim yo pou asirans byen ak domaj pou 60 jou*

*Nouyòkè yo ki pa gen asirans sante dwe aplike kounye a atravè NY State of Health; Si ou pèdi asirans anplwayè, ou dwe aplike nan 60 jou apati lè ou pèdi asirans lan; Akòz pèt revni, Nouyòkè yo ka kalifye tou pou Medicaid, Essential Plan oswa Child Health Plus*

*10,000 pwofesyonèl sante anplis te enskri kòm volontè nan kad gwo vag ekip swen sante Eta a depi yè - sa ki mete kantite total volontè yo nan plis pase 62,000*

*Kantite volontè pou sante mantal yo te ogmante pou 1,400 ankò ki bay yon total plis pase 10,000 volontè*

*Konfime 7,377 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki mete total nan tout Eta a nan 44,635; nouvo ka nan 39 Konte*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke premye lopital tanporè 1,000 kabann lan fini kounye a nan Jacob K. Javits Convention Center. Sit lopital tanporè sa a fè pati objektif Gouvènè a pou gen yon sant ki resevwa plis pase 1,000 pasyan nan chak minisipalite Vil New York ansanm ak konte Westchester, Rockland, Nassau ak Suffolk

Gouvènè Cuomo te anonse tou ke eta a ak Kò Enjenyèr lame a te vizite ak idantifye kat nouvo sit pou lopital tanporè pou Kò Enjenyèr lame a konstwi - Brooklyn Cruise Terminal, sant Aqueduct Racetrack nan Queens, CUNY Staten Island ak New York Expo Center nan Bronx - k ap ajoute 4,000 kabann anplis nan kapasite eta a. Gouvènè

a mande Prezidan Trump pou apwouve sit sa yo imedyatman pou konstriksyon yo ka kòmanse.

Nouvo sit lopital tanporè sa yo — ansanm ak sit nan sant Javits la ak lopital tanporè yo k ap konstwi nan lokal nan SUNY Stony Brook, SUNY Old Westbury ak Westchester Convention Center — fè pati plan Gouvènè a pou kreye plizyè milye nouvo kabann pou ranfòse kapasite lopital ki egziste, avèk objektif pou louvri pou pasyan yo nan kòmansman rive nan mitan mwa avril. Eta a ap prepare dètwa kolèj yo ak otèl yo nan rejyon sid eta a epi idantifye mezon retrèt yo ak lòt sant pou sèvi kòm yon plas pou kabann dijans.

Gouvènè a te anonse tou ke tout lekòl yo nan Eta New York dwe rete fèmen pou de semèn anplis jiska 15 avril pou asire konsistans ak inifòmite nan eta a nan moman ansèyman pou ane lekòl ekstraòdinè sa a. Lekòl yo pral gen obligasyon pou kontinye gadri, repa ak aprantisaj a distans epi eta a ap pwolonje dispans 180 jou a jiska 15 avril.

Gouvènè a te anonse tou ke pandan yon peryòd 90 jou, konsomatè yo fè fas ak pwoblèm finansye piske COVID-19 la ka lakòz ranvwa peman prim asirans vi yo. Pa gen frè reta ki pral evalye epi pa gen done negatif ki pral rapòte bay biwo kredi yo pandan moman sa a epi peman anreta yo ap peye sou yon peryòd yon ane. LICONY oswa Konsèy Asirans Vi New York (Life Insurance of New York) la ki reprezante plis pase 80 pousan endistri asirans vi a te dakò ak mezi sa yo.

Pandan yon peryòd 60 jou, konsomatè yo ak ti biznis yo fè fas ak pwoblèm finansye piske COVID-19 la ka lakòz ranvwa peman prim asirans pou byen ak domaj yo ki gen ladan otomobil, mèt kay, lokatè, konpansasyon travayè, move pratik medikal, livre ak taksi. Pa gen frè reta ki pral evalye epi pa gen done negatif ki pral rapòte bay biwo kredi yo pandan moman sa a epi peman anreta yo ap peye sou yon peryòd yon ane.

Nouyòkè yo ki pa gen asirans sante dwe aplike kounye a atravè NY State of Health la. Si ou pèdi asirans anplwayè, ou dwe aplike nan 60 jou apati lè ou pèdi asirans sa a. Akòz yon pèt revni, Nouyòkè yo ka kalifye tou pou Medicaid, Essential Plan oswa Child Health Plus.

Gouvènè a te anonse ke depi yè, gen 10,000 pwofesyonèl swen sante anplis, gen ladan moun ki retirete ak etidyan, ki te enskri kòm volontè pou travay nan kad gwo vag ekip swen sante a pandan pandemi COVID-19 ki ankou a, sa ki mete kantite total volontè yo nan plis pase 62,000. Anplis de sa, plis pase 10,000 pwofesyonèl sante mantal, ki gen ladan moun ki soti nan lòt eta yo, te enskri kounye a pou bay sèvis sante mantal gratis sou entènèt, kote gen 1,400 volontè ki te enskri nan dènye jou a. Nouyòkè yo ka rele liy asistans gratis Eta a nan 1-844-863-9314 pou pran yon randevou gratis.

"Estrateji nou depi nan kòmansman se te pou bese koub la ak ogmante kapasite lopital", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "N ap fè bagay ke nou pa te janm fè anvan pou jwenn plis kabann lopital ak jwenn founiti ki soti nan tout kote sou tè a pou asire sistèm swen sante nou an pa depase lè sitiyasyon an atenn somè a. Nou gen yon plan an plas pou jwenn tout nouvo enstalasyon ak kabann sa yo sou entènèt nan twa a kat

semèn k ap vini yo, ki se menm delè sitiyasyon an ta sipoze atenn somè a nan eta nou an. Kidonk, lèt li frape, kapasite lopital nou an pral osi wo ke li kapab ye. Nou nan yon misyon sovtaj pou sove lavi e mwen fyè pou fè pati misyon sa a avèk tout gason ak fanm brav Gad Nasyonal la, pwofesyonèl swen sante yo ak premye entèvenan yo ki vremen ap fè travay Bondye."

Finalman, Gouvènè a te konfime 7,377 ka nouvo kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 44,635 ka konfime nan Eta New York. Nan total 44,635 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jwografik yo se konsa:

<b>Konte</b>	<b>Total Pozitif</b>	<b>Nouvo Pozitif</b>
Albany	187	16
Allegany	2	0
Broome	18	2
Cayuga	2	0
Chautauqua	1	0
Chemung	11	4
Chenango	4	1
Clinton	11	0
Columbia	20	7
Cortland	4	2
Delaware	8	1
Dutchess	225	35
Erie	219	85
Essex	4	0
Franklin	2	1
Fulton	1	0
Genesee	6	2
Greene	6	1
Hamilton	2	0
Herkimer	9	2
Jefferson	3	0
Livingston	3	0
Madison	17	8
Monroe	160	21
Montgomery	5	0
Nassau	4,657	743
Niagara	23	9
NYC	25,398	4,005
Oneida	13	0

Onondaga	115	32
Ontario	14	3
Orange	910	159
Orleans	3	1
Oswego	4	0
Otsego	5	2
Putnam	111	17
Rensselaer	35	3
Rockland	1,457	260
Saratoga	82	9
Schenectady	66	4
Schoharie	3	1
St. Lawrence	3	1
Steuben	12	1
Suffolk	3,385	650
Sullivan	64	11
Tioga	2	0
Tompkins	26	4
Ulster	98	20
Warren	8	6
Washington	6	2
Wayne	11	3
Westchester	7,187	1,243
Wyoming	7	0

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)